ToTAL
Tout Timoun Ap Li

# M ap li nèt ale

## Kaye Egzèsis Kreyòl

**Tòm 3**

Dezyèm ane



USAID | AYITI
ÈD PÈP AMERIKEN

Ministère de l'Education Nationale et de la Formation Professionnelle

# M ap li nèt ale

# Kaye Egzèsis Kreyòl

## Tòm 3

( Leson 96– 150 )

Non : ______________________________

Siyati : ______________________________

Klas : ______________________________

Non lekòl la : ______________________________

Dezyèm ane

# Remèsiman espesyal

Metòd « M ap li nèt ale » se rezilta èd pèp ameriken an bay Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) pa mwayen pwojè ToTAL (Tout Timoun Ap Li). Se RTI Entènasyonal k ap egzekite l pou USAID/ Ayiti.

Metòd « M ap li nèt ale, 2èm ane » a te jwenn konkou anpil moun pou l ka rive reyalize. Yo te pote kontribisyon yo nan konsepsyon ak elaborasyon materyèl la, nan fason yo te soutni travay la ak nan konsèy yo te bay. Se poutèt sa n ap remèsye espesyalman :

**Moun ki te patisipe nan elaborasyon ak konsepsyon materyèl la :**

- Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES, Spécialiste du développement des matériels de Créole, USAID/ RTI/ ToTAL
- Reginald Calixte BRICE, Educateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Jovanny VINCENT, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Standley KETAN, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Stéphanie-Ingrid R. MOLEON, Educatrice/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Walph Ferentzi YOUYOU, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Marky JEAN-PIERRE, Consultant, RTI
- Emmanuel Michel BAZILE, Expert Linguiste, Ancien DG du MENFP, Consultant, USAID/ RTI (Editing)
- Pierre Michel LAGUERRE, Expert Linguiste, Ancien DG du MENFP, Consultant, USAID/ RTI (Editing)
- Jerry Rosembert MOISE et Mitchell Pierre, Illustrateurs, Consultants, USAID/ RTI/ ToTAL

**Moun ki te soutni ak bay konsèy**

- Loretta GARDEN, USAID
- Fabiola LOPEZ-MINATCHY, USAID
- Hervé JEAN-CHARLES, USAID
- Ronald JEAN-JACQUES, COP, RTI/ ToTAL
- Andrew JOHNSTON, DCOP, RTI/ ToTAL
- Mary DENAUW, Consultant, USAID/ RTI
- Laurette CUPIDON, Curriculum Development Manager, RTI/ ToTAL
- Josette GABOTON, Consultant, DEF/ EPT-BM
- Lionel HOGU, Consultant, DEF/ MENFP
- Françoise BENOÎT, DFP/ MENFP
- Zulda DUBOIS, DFP/ MENFP
- Volvick Germain CHARLES, Directeur, DEF/ MENFP
- Claudin SAINT- JOUR, Chef de service du Curriculum et formation, DEF, MENFP
- Jean Wilner Janvier (DEF/ MENFP)
- Chantal Roques (Consultante au MENFP)
- Claude Hebert Antoine (FONHEP)
- Jean Julien Ladouceur (CEEC)
- Jocelyne Trouillot (Université Caraïbe)
- Darline Alexis (Université Quisqueya)
- Charles Tardieu (Editions Zemès)

**Moun ak lekòl ki te ede nan pilotaj pwogram nan**

- Jean-Baptiste Michel BEL
- Filocie JEAN
- Roseline DORMÉUS
- Ezechias VILUS
- Damas AUGUSTIN
- Emmanuel FILIPPI
- Dieudonne JOSEPH
- Jean Daniel CLEDOR
- Alius JOSEPH

| Ecole | Departement | Commune | Nom du directeur |
|---|---|---|---|
| Ecole Lumière Divine | Nord | Quartier Morin | Pierre Arnol |
| Ecole Nationale de Quartier Morin | Nord | Quartier Morin | Augustin Suza |
| Ecole Nationale Serge Luckecsy | Nord | | Carole Antoine |
| Ecole Nationale Galman du Plat | Nord | Quartier Morin | Bernadette Magloire |
| Ecole Nationale Marcelin Prophète G. du Plat | Nord | Quartier Morin | Jasmine Magloire |
| Institut Scheche | Nord | Limonade | Modelaire Elminor |
| Ecole Maria Montessori | Nord | Limonade | Gesner Dieudonne |
| Ecole Eben-Ezer de Limonade | Nord | Limonade | P. Jecton Cerant |
| E.N.A.L.M Sabanon | Nord | Limonde | Jany Charles |
| Collège Evangélique Nouvelle Espérance | Nord | Limonde | René Julcoeur |
| Oeuvre humanitaire de Bois de Lance | Nord | Limonade | Décès Bien-Aimé |
| Ecole Nationale Eudes Jn Baptiste | Nord | Limonade | Jean Marie Charles |
| Ecole Nationale Claudius Codada | Nord | Limonade | Obéi Tony |
| Ecole Nationale de Cahess | Nord-Est | Caracol | Morisseau Augustin |
| S.E.H | Nord-Est | Caracol | Jean Mirvil |
| Rayaume des Petits | Nord_Est | Trou du Nord | Marseille Vernet |
| Ecole Nationale Jn Price Mars | Nord-Est | Trou du Nord | Eline Saint-Cléris |
| Ecole Nationale de Garcin | Nord-Est | Trou du Nord | Pierre Harry Jean Baptiste |
| Ecole Nationale de Devarenes | Nord-Est | Trou du Nord | Ida Fénélus |
| Collège Eben-Ezer de Trou-du-Nord | Nord-Est | Trou du Nord | Fellippe Elie |
| Nationale de Pister | Nord | Limonade | Moise Lesly |

# Sa ki nan liv la


| | |
|---|---|
| Leson 96 | 2 |
| Leson 97 | 5 |
| Leson 98 | 8 |
| Leson 99 | 11 |
| Leson 100 | 14 |
| Leson 101 | 16 |
| Leson 102 | 19 |
| Leson 103 | 22 |
| Leson 104 | 25 |
| Leson 105 | 28 |
| Leson 106 | 30 |
| Leson 107 | 33 |
| Leson 108 | 36 |
| Leson 109 | 39 |
| Leson 110 | 42 |
| Leson 111 | 44 |
| Leson 112 | 47 |
| Leson 113 | 50 |
| Leson 114 | 53 |
| Leson 115 Revizyon | 56 |
| Leson 116 Revizyon | 59 |
| Leson 117 Revizyon | 62 |
| Leson 118 Revizyon | 65 |
| Leson 119 Revizyon | 67 |
| Leson 120 Revizyon | 68 |
| Leson 121 | 69 |
| Leson 122 | 71 |
| Leson 123 | 73 |
| Leson 124 | 75 |
| Leson 125 | 77 |
| Leson 126 | 79 |
| Leson 127 | 81 |
| Leson 128 | 83 |
| Leson 129 | 85 |
| Leson 130 | 87 |
| Leson 131 | 89 |
| Leson 132 | 91 |
| Leson 133 | 93 |
| Leson 134 | 95 |
| Leson 135 | 97 |
| Leson 136 | 99 |
| Leson 137 | 102 |
| Leson 138 | 105 |
| Leson 139 | 107 |
| Leson 140 | 110 |
| Leson 141 Revizyon | 113 |
| Leson 142 Revizyon | 115 |
| Leson 143 Revizyon | 117 |
| Leson 144 Revizyon | 119 |
| Leson 145 Revizyon | 121 |
| Leson 146 Revizyon | 123 |
| Leson 147 Revizyon | 125 |
| Leson 148 Revizyon | 127 |
| Leson 149 Revizyon | 129 |
| Leson 150 Revizyon | 131 |

# Leson 96

1. **Ekri fraz la sou liy kaye a.**

2. **Mete lèt yo nan lòd pou ou fòme yon mo ou konnen.**

o n k t : ______________________

a n b a y n s : ______________________

**3 Egzèsis sou sekans.**

A. Li istwa a. Apre sa, sèke mo kle ki endike sekans yo.

Manman Aniz gen yon restoran. Lè maten, li vann mayi moulen ak fèy. Nan apremidi, li prepare diri ak sòs vyann. Lè swa, li fè bouyon.

B. Li istwa a. Apre sa, mete mo kle ki endike sekans yo nan espas vid yo. Sonje respekte lòd sekans yo.

Nan apremidi,        Lè swa,        Lè maten

Tout plantè rasanble nan jaden Brison an.

____________________, yo sèkle.

____________________, yo ranmase zèb yo.

____________________, yo tounen lakay yo.

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Ki jan ou ta renmen katye pa ou la ye ?

# Leson 97

## 1. Ekri fraz la sou liy kaye a.

## 2. Fè yon fraz ak chak mo ki anba a.

chokola : ____________________

itil : ____________________

---

**3. Egzèsis sou sekans.**

A. Li ti istwa a. Apre sa, sèke mo kle ki endike sekans yo.

> Ane pase, Patrik ale fè vakans Jakmèl. Lè maten, li fè espò. Nan apremidi, li ale benyen nan lanmè ak zanmi li. Lè swa, li reyini ak tout timoun yo pou yo tire kont.

B. Konplete istwa a ak mo pa ou. Ekri aksyon chak sekans yo sou liy yo.

> Nan katye Tòbèk, timoun yo fè anpil aktivite pou yo amize yo.
>
> Tout plantè rasanble nan jaden Brison an.
> Lè maten, ______________________________.
> Nan apremidi, ___________________________.
> Lè swa, _________________________________.

---

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**
Ki sa ou ka fè pou ou kenbe lakou lekòl ou a pwòp ?

# Leson 98

## 1. Ekri fraz la sou liy kaye a.

## 2. Fè yon fraz ak chak mo ki anba a.

anivèse : ______________________________

dekore : ______________________________

## 3. Egzèsis sou sekans.

A. Li ti istwa a.  Apre sa, sèke mo kle ki endike sekans yo.

Sizèt ak Keli t ap plante pye bwa nan lakou lekòl la.  Premyèman, y al chèche plan yo. Dezyèmman, yo fouye twou yo.  Twazyèmman, yo mete plan yo nan twou.  Finalman, yo wouze tout plan yo.

B. Li istwa a.  Apre sa, mete mo kle ki endike sekans yo nan espas vid yo.  Sonje respekte lòd sekans yo.

| | |
|---|---|
| Dezyèmman | Twazyèmman |
| Premyèman | Finalman |

Riko konn fè machin tòl. ____________________, li chache bwa, klou ak vye mamit.

_________________________, li taye pyès yo.

_________________________, li koupe yon sandal pou fè   kawoutchou. ____________________, li fè yon bèl ti machin.

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Ki jan ou ta renmen òganize fèt ou ?

# Leson 99

**1. Ekri fraz yo sou liy kaye *a*.**

**2. Ekri lèt ki manke yo pou nou fòme yon mo nou konnen.**

A. ____________wèl

B. De____________ore

Ch. Re____________alize

D. Ch____________kola.

**3. Egzèsis sou sekans.**

A. Li ti istwa a. Apre sa, sèke mo kle ki endike sekans yo.

Zèt ap fè pate. Premyèman, li prepare pat la ak farin. Dezyèmman, li mete aransò ak zonyon nan chak moso pat li koupe. Twazyèmman, li mete yo fri nan lwil. Finalman, pate a kuit.

B. Itilize mo kle sa yo pou fin ekri istwa a.

| | |
|---|---|
| Premyèman | Finalman |
| Dezyèmman | Twazyèmman |

Kolen pral jwe foutbòl.

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Ki jan ou ta renmen fete fèt nwèl ak zanmi w ?

# Leson 100

**1. Ekri fraz la sou liy kaye a.**

**2. Fè yon flèch soti nan chak mo ki nan kolòn agoch (A) pou rive nan definisyon pa li nan kolòn adwat (B).**

| A | B |
| --- | --- |
| 1. Reyalize • | • Mete bèl flè ak riban nan yon espas. |
| 2. Dekore • | • Bwason ki fèt ak kakawo, lèt ak sik. |
| 3. Nwèl • | • Fè sa ou te planifye. |
| 4. Itil • | • Enpòtan, rann sèvis. |
| | • Vesi ki anndan kawotchou yon machin. |

**3. Ekri yon ti istwa ki gen mo kle sa yo pou kòmanse chak fraz.**

Lè maten, Nan apremidi, Lè swa

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Èske li enpòtan pou yon moun gen zanmi ?

Pou ki sa ?

# Leson 101

1. Ekri fraz la sou liy kaye a.

2. Ekri nan bonm nan mo ki endike sa yo itilize pou fè yon labouyi.



**3. Egzèsis sou sekans.**

A. Li ti istwa a. Apre sa, sèke mo kle ki endike sekans yo.

Sisi se lesivyè. Lè maten, li leve bonè pou li lave rad yo. Nan apremidi, li ranmase yo.

Nan aswè, li pase yo.

B. Gade desen yo byen. Apre sa, ekri sou liy anba yo tout aksyon ki montre sa ti fi an ap fè. Itilize mo kle sa yo :

Lè maten, Nan apremidi, Nan aswè







Yasmin toujou leve byen bonè. ____________________

______________________________________________

______________________________________________

__________________________________

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Pou ki sa yon moun pa dwe pran sa ki pa pou li ?

# Leson 102

**1. Ekri fraz la sou liy kaye a.**

**2. Fè yon flèch soti nan kolòn agoch (A) rive nan kolòn adwat (B) pou fòme yon mo ou konnen.**

| A | B |
|---|---|
| 1. san • | • kola |
| 2. kli • | • yan |
| 3. cho • | • ble |
| 4. de • | • kore |
| 5. zan • | |

**3. Egzèsis sou sekans.**

A. Li ti istwa a. Apre sa, sèke mo kle ki endike sekans yo.

Jil se yon pechè. Lè maten, li monte kannòt li l al peche. Nan aprèmidi, li vann pwason nan mache a. Lè swa, li boukannen kèk pwason pou li manje.

B. Istwa a anba an dezòd. Ranje istwa a nan lòd pou li ka gen sans.

Lè swa, li repase leson avan li dòmi. Kiki ap prepare egzamen li. Nan aprèmidi, li fè yon ti jwe. Li etidye lè maten.

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Pou ki sa li enpòtan pou nou ede lòt yo ?

# Leson 103

**1. Ekri fraz la sou liy kaye a.**

**2. Ekri nan gode a mo ki endike sa yo itilize pou yo fè *chanmchanm*.**



**3 Egzèsis sou sekans.**

A. Li ti istwa a. Apre sa, sèke mo kle ki endike sekans yo.

Lalat vle manje yon tonmtonm. Premyèman, li achte yon lam veritab ak yon lo kalalou. Dezyèmman, li bouyi lam yo. Twazyèmman, li prepare tonmtonm nan. Finalman, li manje tonmtonm nan.

B. Gade desen yo byen. Apre sa, ekri sou liy anba yo tout aksyon ki montre sa ti gason an ap fè. Itilize mo kle sa yo pou montre sekans yo :

Premyèman Dezyèmman

Twazyèman Finalman






**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Nan lekòl pa w la, ki sa elèv yo renmen manje ?

Pou ki sa ?

# Leson 104

**1. Ekri fraz la sou liy kaye a.**

**2. Fè yon fraz ak chak mo ki anba a.**

Sipriz : ____________________

Egzamen : ____________________

**3. Egzèsis sou sekans.**

A. Li ti istwa a. Apre sa, sèke mo kle ki endike sekans yo.

Woni al peche nan larivyè. Premyèman, li tann nas li nan dlo a. Dezyèmman, li lage manje anndan nas la. Twazyèmman, li rale nas la mete deyò. Finalman, li vide pwason yo nan panye li.

B. Fin ekri istwa a ak mo pa ou. Itilize mo kle ki endike sekans yo.

Reno pral etidye.

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Eske ou toujou etidye chak jou ? Pou ki sa ?

# Leson 105

**1. Ekri fraz yo sou liy kaye a.**

**2. Pase yon trè anba bon repons la.**

A. Sipriz vle di :

1. Yon tès pou yo wè sa yon moun konnen.

2. Yon bagay ki rive sanzatann.

B. Pilon vle di :

1. Manje ki fèt ak mayi griye.

2. Gwo mòtye ki fèt an bwa ki sèvi pou pile.

Ch. Dezidrate vle di :

1. Règ ki di jan moun dwe konpòte yo.

2. Pèdi dlo nan kò ou.

**3. Ekri yon istwa pou di sa ou konn abitye fè lajounen. Itilize mo kle sa yo.**

Lè maten, Nan apremidi, Nan aswè

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**
Pou ki sa li enpòtan pou ou respekte prensip lekòl la ?

# Leson 106

**1. Ekri fraz yo sou liy kaye a.**

**2. Pou chak fraz, itilize youn nan mo anba yo pou ranplase mo ki souliye a. Fraz la dwe gen menm sans la.**

pwomennen podyab arete mache gide

A. Domaj, li frape jenou li nan pye kabann nan.

B. Polisye a dirije chofè yo pou yo pa fè aksidan.

**3 Egzèsis sou sekans.**

A. Li ti istwa a. Apre sa, sèke mo kle ki endike sekans yo.

Noye ap lase tenis li. Pou kòmanse, li gade si de pwent lasèt yo menm longè. Apre sa, li mare lasèt yo. Alafen, li fè yon ne.

B. Li istwa a. Apre sa, mete mo kle ki endike sekans yo nan espas vid yo. Sonje respekte lòd sekans yo.

Alafen, Pou kòmanse, Apre sa

Aryèl ap fè adisyon. ______________________,
li poze adisyon an. ______________________,
li fè kalkil yo. ______________________, li jwenn repons la.

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Ki jwèt ou renmen fè ? Pou ki sa ?

# Leson 107

1. Ekri fraz la sou liy kaye a.

2. Mete lèt yo nan lòd pou fòme mo.

p a w s o n : ______________________

m a j o d : ______________________

**3 Egzèsis sou sekans.**

A. Li ti istwa a. Apre sa, sèke mo kle ki endike sekans yo.

Tita t ap prepare mayi pou akasan. Pou kòmanse, li tranpe mayi a. Apre sa, li moulen mayi. Alafen, li koule mayi a.

B. Konplete istwa a ak mo pa ou. Ekri aksyon chak sekans yo sou liy yo.

Soni se ebenis. L ap fè yon ti chèz.

Pou kòmanse ________________________________.

Apre sa ________________________________.

Alafen ________________________________.

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Lè yon devwa difisil pou ou, ki sa ou fè ?

# Leson 108

**1. Ekri fraz la sou liy kaye a.**

**2. Fè yon fraz ak chak mo ki anba a.**

soutni : ______________________________

sansib : ______________________________

## 3 Egzèsis sou sekans.

A. Li ti istwa a. Apre sa, sèke mo kle ki endike sekans yo.

Iv t ap fè yon kwi. Pou kòmanse, li keyi yon bèl kalbas. Apre sa, li koupe kalbas la fè 2 mwatye. Alafen, li netwaye yo byen netwaye.

B. Ekri yon istwa ki gen mo kle sa yo.

Pou kòmanse, Apre sa, Alafen

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Si Ari te zanmi w ki konsèy ou t ap ba li ?

# Leson 109

**1. Ekri fraz yo sou liy kaye a.**

**2. Nan mo anba yo, chwazi yon mo ki gen menm sans ak mo ki souliye nan fraz la. Apre sa, ekri mo ou chwazi a sou liy la.**

fache kouri gade soutni detwi

A. Fito move paske Tebo chire liv li a.

B. Vanya sipòte moun ki nan difikilte.

**3. Egzèsis sou sekans.**

A. Li ti istwa a. Apre sa, sèke mo kle ki endike sekans yo.

Pòl ap fè kasav. Pou kòmanse, li lave manyòk yo epi li graje yo. Apre sa, li tòde farin manyòk la epi li mete l seche. Alafen, li mete farin nan sou platin.

B. Fin ekri istw a ak mo pa ou. Itilize mo kle sa yo.

Alafen     Pou kòmanse     Apre sa

Fedlè ap fè ji.

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Ki jan ou konn reyaji lè ou pèdi nan yon jwèt ?

# Leson 110

## 1. Ekri fraz la sou liy kaye a.

## 2. Fè yon flèch soti nan chak mo ki nan kolòn agoch (A) pou rive nan definisyon pa li nan kolòn adwat (B).

| A | B |
|---|---|
| 1. Dirije • | • gen bon kè |
| 2. Sansib • | • bay direksyon |
| 3. Estasyon • | • konpetisyon kouri |
| 4. Kous • | • kote moun al pran machin |
| 5. Move • | |

**3. Ekri 3 fraz pou di ki jwèt ou renmen fè. Itilize mo kle sa yo.**

Pou kòmanse Apre sa Alafen

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Pou ki sa ou pa dwe fè koken lè w ap jwe ?

# Leson 111

## 1. Ekri fraz la sou liy kaye a.

## 2. Fè yon fraz ak chak mo ki anba a.

kolonn : ______________________________

nich : ______________________________

**3. Egzèsis sou sekans.**

A. Li ti istwa a.  Apre sa, sèke mo kle ki endike sekans yo.

Moris t ap prepare yon lalo. Toudabò, li netwaye fèy yo. Apre sa, li toufe yo. Finalman, li mete tout epis ki pou bay legim nan bon gou.

B. Fin ekri istwa a ak mo pa ou.  Itilize mo kle sa yo.

Finalman    Apre sa    Toudabò

Leyona pral benyen.

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Pou ki sa ou dwe pwoteje zwazo yo ?

# Leson 112

## 1. Ekri fraz la sou liy kaye a.

## 2. Fè yon flèch soti nan kolòn agoch (A) rive nan kolòn adwat (B) pou fòme yon mo ou konnen.

| A | B |
|---|---|
| 1. feli • | • ve |
| 2. chan • | • site |
| 3. mo • | • syon |
| 4. komi • | • pyona |
| 5. jo • | |

**3. Egzèsis sou sekans.**

A. Li ti istwa a. Apre sa, sèke mo kle ki endike sekans yo.

Yè te gen yon bèl match nan estad la. Toudabò, 2 ekip yo monte sou teren an. Apre sa, yo chante im nasyonal la epi match la kòmanse. Finalman, chak ekip yo make 2 gòl. Match nil.

B. Ekri yon ti istwa. Itilize mo kle sa yo.

Toudabò Finalman Apre sa

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Ki sa ou konn fè pou ede paran ou ?

# Leson 113

## 1. Ekri fraz la sou liy kaye a.

## 2. Fè yon fraz ak chak mo ki anba a.

bòs : ____________________

fondasyon : ____________________

**3. Egzèsis sou sekans.**

A. Li ti istwa a. Apre sa, sèke mo kle ki endike sekans yo.

Fani sot lekòl. Toudabò, li salye fanmi li. Apre sa, li depoze valiz li sou tab la. Finalman, li retire inifòm nan sou li.

B. Rakonte yon istwa. Men 3 bwat. Nan chak bwat, desinen yon sekans nan istwa a.

| Toudabò | Apre sa | Finalman |
|---|---|---|
| | | |

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Ki jan ou ta renmen bati kay pa w la lè ou gran ?

# Leson 114

## 1. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

## 2. Li mo ki anba a yobyen. Chwazi ladan yo pou konplete chak fraz.

tiyo gaspiye kliyan kolonn fondasyon

A. Bòs Jesnè ap fè ________________ kay la.

B. Tanya ap ________________ dlo a.

**3. Egzèsis sou sekans.**

A. Li ti istwa a. Apre sa, sèke mo kle ki endike sekans yo.

> Marijàn ap fè kafe. Toudabò, li mete poud kafe a nan dlo bouyi. Apre sa, li lave grèp la. Finalman, li koule kafe a.

B. Nan istwa ki anba a, mete mo kle yo nan plas yo.

Finalman  Toudabò  Apre sa

Pou anivèsè lanmò Desalin, klas Mivil la prepare yon pyès teyat. ______________________, mèt la enskri non tout timoun ki vle patisipe nan pyès la. ______________________, li fè plizyè repetisyon. ______________________, jou fèt la rive, yo jwe yon bèl pyès teyat. Tout moun te aplodi.

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Ki sa ou konn fè lè pa gen dlo ?

# Leson 115 revizyon

**1. Ekri fraz la sou liy kaye a.**

**2. Konplete istwa ak mo ki anba a yo. Ekri chak mo nan plas yo pou istwa a gen sans.**

komisyon Bòs mèg felisite kolonn

__________ Dyedòn gen yon pitit gason ki rele Delgado. Li pa renmen manje. Li __________. Yon lè, pandan li pral fè yon __________ pou papa li, li wè yon __________ timoun k ap jwe boul. Li rantre nan jwèt la. Li fè 2 gòl. Lòt jwè yo __________ li.

**3. Rakonte yon istwa. Men 3 bwat. Nan chak bwat, desinen yon sekans nan istwa a. Apre sa, ekri istwa a sou liy anba yo**

| Pou kòmanse | Apre sa | Finalman |
|---|---|---|
| | | |

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**
Èske ou gen dwa antre nan lakou yon moun fè sa w vle ? Pou ki sa ?

# Leson 116 revizyon

**1. Ekri fraz la sou liy kaye a.**

**2. Sèke mo ki mache ak chak definisyon.**

A. Yon moun ki piti anpil

gwo mèg fò

B. Mal itilize, mal jere

gaspiye disipline aplodi

Ch. Gen bon kè

move mechan sansib

**3 Egzèsis sou sekans.**

A. Li ti istwa a.  Apre sa, pase yon trè anba chak fraz ki endike sekans yo.

Jòj ap limen yon recho ki pran gaz.  Li gade si tank gaz la byen konekte.  Li pase alimèt li.  Li limen recho a.

B. Istwa anba an dezòd. Li istwa a. Apre sa, ekri yon nimewo (1, 2, 3) sou chak liy  pou montre ki aksyon ki fèt youn anvan lòt.

Jislèn ap fè elèv yo li.

________ Elèv renmen istwa a.

________ Li li istwa a ansanm ak elèv yo.

________ Li mande yo ouvè liv la nan paj leson 116 la.

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**
Èske ou ta renmen vin yon moun serye menm jan ak Bòs Manno ? Pou ki sa ?

# Leson 117 revizyon

**1. Li epi ekri nan chak kaz *pwonon* ki ranplase non an oubyen *detèminan posesif* ki gen relasyon ak non an.**

| Fraz yo | Pwonon | Non moun pwonon an ranplase | Detèminan posesif |
|---|---|---|---|
| ***Egzanp***<br>**Richa renmen fè nenpòt jwèt. Yon jou, li mete yon koulèv plastik sou kabann Katya a.** | Li | Richa | |
| Katya wè koulèv la. Li pete yon gwo rèl. | | | |
| Manman li kouri vin gade sa ki fè Katya ap kriye a. | | | |
| Manman Katya di li se yon koulèv plastik. | | | |
| Finalman Katya monte kouche sou  kabann li. | | | |

**2. Fè yon fraz ak chak mo ki anba a.**

modèl : ________________________________

près : ________________________________

**3. Egzèsis sou sekans.**

A. Li istwa a. Apre sa, ekri yon nimewo (1, 2, 3) sou tèt chak fraz ki endike sekans yo

Chofè a leve byen bonè.  Li pran kle machin nan.  Li estat machin nan.  Li pran wout la.

B. Istwa anba an dezòd. Li istwa a. apre sa, ekri nan lòd pou montre ki aksyon ki fè youn apre lòt.

Fabyèn ap plante yon ti pye sitwon.  Li ranpli twou ak tè.  Li mete ti pye sitwon an nan twou a.  Li wouze li.  Li fouye yon twou.

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Pou ki sa ou panse tout timoun dwe pwoteje pyebwa yo ?

# Leson 118 revizyon

**1. Fè yon flèch soti nan chak mo ki nan kolòn agoch (A) pou rive nan definisyon pa li nan kolòn adwat (B) pou ou fè yon fraz.**

| A | B |
|---|---|
| 1. Koulèv. | • yon moun ki mens anpil |
| 2. Mèg . | • baz kay |
| 3. Bòs . | • kay bèt volay |
| 4. Fondasyon | • li long. Li rale sou vant |
| | • yon moun ki gen yon metye |

**2. Li tèks la.  Apre sa, pase yon trè anba mo kle sekans yo.**

Bòs Remi ap bati yon kay pou Masèl.  Toudabò, li fè fouye fondasyon an epi li fè baz kay la. Apre sa, li monte blòk yo.  Finalman, li kouvri kay la.

**3. Ekri yon ti istwa ki gen twa (3) fraz. Itilize mo kle sekans yo.**

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**
Kòman ou ka pwoteje tèt ou lè gen siklòn ?

# Leson 119 revizyon

**1. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse.**

A. Èske ou dakò ak Tekito ?  Pou ki sa ?

B. Ki sa ou panse Pè Riche ap fè TèKito ?

# Leson 120 revizyon

**1. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**
Ki sa ou ka fè pou anpeche moun sal zòn kote w ap viv la ?

# Leson 121

## 1. Ekri fraz la sou liy kaye a.

## 2. Fè yon fraz ak chak mo ki anba a.

antouraj : ______________________________

kont : ______________________________

**3. Gade desen sa a byen. Apre sa, ekri tout mo ki endike sa ou wè sou aparans kò moun nan.**



**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Pou ki sa li bon pou nou toujou antann nou ?

# Leson 122

## 1. Ekri fraz la sou liy kaye a.

## 2. Fè yon flèch soti nan kolòn agoch (A) rive nan kolòn adwat (B) pou fòme yon mo ou konnen.

| A | B |
|---|---|
| 1. Antou • | • si |
| 2. Inon • | • raj |
| 3. Defi • | • bote |
| 4. Tou • | • dasyon |
| | • tèl |

**3. Gade desen sa a byen. Apre sa, ekri tout mo ki endike sa ou wè sou aparans kò moun nan.**



**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Pou ki sa yo di depi gen lavi gen lespwa ?

# Leson 123

1. Ekri fraz la sou liy kaye a.

2. Ekri 2 fraz pou di sa ki rive lè gen *inondasyon*.

3. Ekri nan bwat la 3 mo ki dekri aparans kò w.

- ______________________
- ______________________
- ______________________

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Pou ki sa li bon pou nou konnen istwa endyen yo ?

# Leson 124

1. **Ekri fraz la sou liy kaye a.**

2. **Sèke tout mo oswa gwoup mo ki gen menm sans ak mo *konbit*.**

tèt ansanm, diferan, kole zepòl, pote kole, divizyon, men nan men, ponyèt

3. **Ekri nan bwat la 3 mo ki dekri aparans kò bon zanmi ou a.**

- ____________________
- ____________________
- ____________________

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Eske ou renmen fè jaden ? Pou ki sa ?

# Leson 125

**1. Ekri fraz yo sou liy kaye a.**

**2. Sèke mo ki mache ak chak definisyon.**

A. Lè plizyè moun met ansanm

chirepit konbit plante

B. Bèl ti tèks moun ekri pou yo ka resite ou byen chante

pwezi dans endyen

Ch. Ti twou ki parèt bò figi yon moun lè li ap ri

manton nen toubote

**3. Chwazi nan mo ki anba yo pou konplete istwa a.**

travay gwo bab nwa Anòl laj

Bòs ________________ se ebenis. Li gen cheve ________________, men tout ________________ li blan. Li gen ________________ bibit. Men li yon ti jan ________________. Sa pèmèt li kenbe planch yo pou li ka siye yo. Bòs la ________________ byen.

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Èske li enpòtan pou yon moun travay ? Pou ki sa ?

# Leson 126

## 1. Ekri fraz la sou liy kaye a.

## 2. Fè yon flèch soti nan kolòn agoch (A) rive nan kolòn adwat (B) pou fòme yon mo ou konnen.

| A | B |
|---|---|
| 1. Ate • | • bète |
| 2. li • | • jis |
| 3. biz • | • nismann |
| | • lye |

**3. Gade desen sa yo. Apre sa, pou chak desen, ekri ki aksyon ti gason an ap fè.**





**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Pou ki sa li enpòtan pou moun fè kòmès ?

# Leson 127

## 1. Ekri fraz la sou liy kaye a.

## 2. Fè yon fraz ak chak mo ki anba a.

pasaje : ______________________

klaksòn : ______________________

**3. Gade desen sa yo. Apre sa, pou chak desen, ekri sou liy anba yo ki aksyon ti fi a ap fè.**





**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**
Pou ki sa li bon pou pran prekosyon nan tout sa w ap fè ?

# Leson 128

## 1. Ekri fraz la sou liy kaye a.

## 2. Itilize mo sa yo pou konplete ti istwa a la.

pwoteje Kenòl foule Li

__________ respekte tout moun nan katye a.

Li pa wo. __________ kout. Li yon ti jan

__________. Malgre li pa wo, Ii toujou

__________ tout timoun ki piti pi pase li.

**3. Ekri 4 aksyon *Alèks fè lè l ap prepare manje pou chen yo.***

1. ______________________________

2. ______________________________

3. ______________________________

4. ______________________________

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**
Si ou te gen yon ti chen menm jan ak Bòb ki jwèt ou t ap fè ak li ?

# Leson 129

**1. Ekri fraz la sou liy kaye a.**

**2. Fè yon fraz ak chak mo ki anba a.**

jansiv : ______________________

angrè : ______________________

**3. Ekri 4 aksyon *Senndi fè lè li pral wouze plant yo.***

1. ______________________________

2. ______________________________

3. ______________________________

4. ______________________________

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Pou ki sa li enpòtan pou ou pwoteje plant yo ?

# Leson 130

**1. Ekri fraz la sou liy kaye a.**

**2. Fè yon flèch soti nan chak mo ki nan kolòn agoch (A) pou rive nan definisyon pa li nan kolòn (B) pou fòme yon fraz.**

| A | B |
| --- | --- |
| 1. Angrè • | • Desen sou moso twal |
| 2. Tablo • | • Sonèt nan machin |
| 3. Klaksòn • | • Mete yon moun an sekirite |
| 4. Pwoteje • | • Pwodui pou ede plant grandi |
| 5. Jansiv • | |

**3. Chwazi nan mo ki anba yo pou konplete istwa a.**

pran Mako ranje tablo ale

__________ pa atis pent men li se machann __________. Chak maten, li __________ chèche tablo kay Jozefin. Apre sa, li __________ yon kamyonèt lage l nan ri Kapwa. Li __________ tout tablo yo devan otèl Solèy Ayiti.

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**
Pou ki sa li enpòtan pou ou respekte talan chak moun ?

# Leson 131

1. Ekri fraz la sou liy kaye a.

2. Fè yon flèch soti nan kolòn agoch (A) rive nan kolòn adwat (B) pou fòme yon mo ou konnen.

| A | B |
|---|---|
| 1. Bis . | • yèt |
| 2. Ka . | • pon |
| 3. Jan . | • kèt |
| 4. Pon . | • siv |
| | • bou |

**3. Gade desen sa a. Apre sa, ekri sou liy yo ki jan ti fi sa a santi l.**



**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Ki sa ki konn fè ou pè ?

# Leson 132

1. Ekri fraz la sou liy kaye a.

3. Ekri nan bwat la non 3 enstriman mizik ou renmen.

- ____________________________
- ____________________________
- ____________________________

**3. Gade desen sa a. Apre sa, ekri sou liy yo ki jan ti gason sa a santi li.**



**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Èske ou ta renmen konn jwe yon enstriman mizik ? Pou ki sa ?

# Leson 133

## 1. Egzèsis sou sekans.

## 2. Ekri yon fraz ki gen "*mo Jwaye*" ladan li.

**3. Ekri 2 fraz pou ou di jan "*Kalin santi l lè zanmi li malad.*"**

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**
Pou ki sa li enpòtan pou ou viv byen ak moun ki nan vwazinaj ou ?

# Leson 134

**1. Ekri fraz la sou liy kaye a.**

**2. Sèke tout mo ki mache ak *Agwonòm*.**

chèz elvaj kamyonèt jaden

tè lapli

**3. Ekri yon istwa sou jan *Makso santi l lè li fè mwayèn li*.**

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Ki metye ou ta renmen aprann lè ou gran ? Pou ki sa ?

# Leson 135

**1. Ekri fraz yo sou liy kaye a.**

**2. Nan chak ka, souliye mo ki gen menm sans ak premye mo a.**

*Egzanp*

**Kagou :** kontan gwo chagren mens tris lapenn

A. **Fache :** vekse boude lizaj move estomake

B. **Kontan :** akable jwa souryan gaya plenyen

**3. Itilize mo anba yo pou konplete istwa a. Mete mo yo nan plas yo pou istwa ka gen sans.**

kagou Salita kontan kòlè.

_______________ gen san cho. Ti krik ti krak, li fè _______________. Lè konsa li ale chita nan yon kwen tou _______________. Yon lè, Papa li di l: Salita, si ou vle viv lontan ou dwe toujou _______________.

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**
Pou ki sa nou dwe byen sèvi ak jwèt nou yo ?

# Leson 136

## 1. Ekri fraz la sou liy kaye a.

## 2. Fè yon fraz ak chak mo ki anba a.

foutbòl : ____________________

chenè : ____________________

**3. Gade desen sa yo byen.**







A. Gade premye desen an epi ekri yon fraz pou bay enfòmasyon sou aparans kò ti gason an.

B. Gade dezyèm desen an epi ekri yon fraz pou di ki aksyon ti gason a ap fè.

Ch. Gade twazyèm desen an epi ekri yon fraz pou di ki jan ti gason an santi li.

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Pou ki sa ou panse li bon pou moun fè espò ?

# Leson 137

## 1. Ekri fraz la sou liy kaye a.

## 2. Fè yon fraz ak chak mo ki anba a.

chich : ______________________________

krèm : ______________________________

# Leson 137

**3. Gade desen sa yo byen.**



A. Gade premye desen an epi ekri yon fraz pou bay enfòmasyon sou aparans kò ti fi a.

B. Gade dezyèm desen an epi ekri yon fraz pou di ki aksyon ti fi a ap fè.

Ch. Gade twazyèm desen an epi ekeri yon fraz pou di ki jan ti fi a santi li.

**4. Li epi reponn kesyon *a*n pou ou di s*a* ou panse :**

Ki s*a* ou konn fè pou fè kè z*a*nmi ou kont*a*n ?

# Leson 138

## 1. Ekri fraz la sou liy kaye a.

## 2. Fè yon flèch soti nan kolòn agoch (A) rive nan kolòn adwat (B) pou fòme yon mo ou konnen.

| A | B |
|---|---|
| 1. Tama • | • nè |
| 3. Che • | • pon |
| 4. Sou . | • ren |
| | • fri |

**3. Itilize mo anba yo pou konplete istwa a. Mete mo yo nan plas yo pou istwa ka gen sans.**

Li miskle mete Jini

kontan monte wo

__________ ap viv nan ri Anndou. __________ se karateka. Li __________. Janm li __________. Chak samdi apre midi, li __________ rad karateka li nan valiz li. Li __________ bisiklèt li. li ale antrene. Li __________ wè zanmi li yo.

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**
Pou ki sa ou renmen manman w anpil ?

# Leson 139

1. **Ekri fraz la sou liy kaye a.**

2. **Fè yon fraz ak chak mo ki anba a.**

marabou : ____________________

lavant : ____________________

**3. Ekri yon istwa sou tèt ou daprè sa yo mande w la.**

A. Ekri yon fraz pou bay enfòmasyon sou aparans kò ou.

B. Ekri yon fraz pou di ki aksyon ou konn fè lè w ap jwe.

Ch. Ekri yon fraz pou di ki jan ou santi ou lè w ap jwe ?

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Nan ki moman ou toujou souri ?

# Leson 140

**1. Ekri fraz la sou liy kaye a.**

**2. Sèke bon repons ki mache ak defisyon an.**

A. Yon moun k ap mate yon boul soup ye l san li pa tonbe

tèt choute chenè

B. Yon moun ki pa renmen pataje sa li genyen.

charite chich Italyen

Ch. Plant ki donnen yon fwi mawon.

tamaren mango lamveritab

D. Lè yon moun genyen yon bagay k ap fè li mal

malen granmoun soufri

**3. Ekri yon istwa sou bon zanmi ou daprè sa yo mande w la.**

A. Ekri yon fraz ki bay enfòmasyon sou aparans kò li ?

B. Ekri yon fraz pou di ki aksyon li konn fè lè l ap jwe ak ou ?

Ch. Ekri yon fraz pou di ki jan li santi li lè l ap jwe ak ou ?

**4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Pou ki sa li bon pou ou fè espò ?

# Leson 141 revizyon

1. Gade desen sa a byen. Apre sa a, ekri tout mo ki mache ak sa ou wè nan desen an.



*Egzanp : chèz*

2. Dapre desen an, ekri 2 fraz pou w di sa Adèl ap fè. Itilize pwonon ak detèminan posesif.

**3. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Kòman ou dwe sèvi ak sa ou genyen ?

# Leson 142 revizyon

**1. Gade desen sa a byen. Apre sa, ekri tout mo ki mache ak sa ou wè nan desen an.**




*Egzanp : vwalye*

**2. Dapre desen nimewo 1 an, imajine sa k ap pase. Ekri 3 fraz pou di ki sa k ap pase. Itilize mo kle sa yo : Toudabò, Apre sa, Finalman.**

Lapli ap tonbe.

Toudabò ______________________________.

Apre sa ______________________________.

Finalman ______________________________.

**3. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse:**
Si ou gen yon bèf menm jan ak Sonya ki sa w ap fè pou ou pwoteje li ?

# Leson 143 revizyon

**1. Gade desen sa a byen. Apre sa, ekri tout mo ki mache ak sa ou wè nan desen an.**



*Egzanp : tab*

**2. Dapre desen nimewo 1 an, ekri 2 fraz pou di sa rat yo ap fè. Itilize pwonon ak detèminan posesif.**

**3. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**
Èske Sara se yon bon polisye ? Pou ki sa ?

# Leson 144 revizyon

**1. Gade desen sa a byen. Apre sa, ekri tout mo ki mache ak sa ou wè nan desen an.**



*Egzanp : fenèt*

**2. Dapre desen nimewo 1 an, imanjine sa k ap pase. Ekri 3 fraz pou di ki sa k ap pase. Itilize mo kle sa yo : *Pou kòmanse, Apre sa, Finalman.***

Timoun yo reyini nan katye a.

Pou kòmanse ______________________________.

Apre sa ___________________________________.

Finalman _________________________________.

**3. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**
Eske ou panse se sèlman gwosè ki fè fos yon moun ? Pou ki sa ?

# Leson 145 revizyon

**1. Gade desen sa a byen. Apre sa, ekri tout mo ki mache ak sa ou wè nan desen an.**



*Egzanp : kreyon*

**2. Dapre desen an, ekri 2 fraz pou di sa Matmwazèl Joslin ap fè. Itilize pwonon ak detèminan posesif.**

**3. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**
Ki jwèt ou renmen jwe ak zanmi w yo ? Pou ki sa ?

# Leson 146 revizyon

**1. Gade desen sa a byen. Apre sa, ekri tout mo ki mache ak sa ou wè nan desen an.**



**2. Dapre desen nimewo 1 an, imanjine sa k ap pase. Ekri 3 fraz pou di ki sa k ap pase. Itilize mo kle sa yo : *Premyèman, Answit, Finalm.***

Timoun yo ale Fò Jak.

Premyèman ______________________________.

Answit ______________________________.

Finalman ______________________________.

**3. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**
Si ou te doktè, ki sa ou t ap fè pou itil moun kote w ap viv la ?

# Leson 147 revizyon

**1. Gade desen sa a byen. Apre sa, ekri tout mo ki mache ak sa ou wè nan desen an.**



**2. Dapre desen nimewo 1 an, ekri 2 fraz pou di sa Renal ap fè. Itilize pwonon ak detèminan posesif.**

**3. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**
Èske kouran elektrik enpòtan? Pou ki sa ?

# Leson 148 revizyon

**1. Gade desen sa a byen. Apre sa, ekri tout mo ki mache ak sa ou wè nan desen an.**



**2. Dapre desen nimewo 1 an, imanjine sa k ap pase. Ekri 3 fraz pou di ki sa k ap pase. Itilize mo kle sa yo : *Toudabò, Apre sa, Finalman*.**

Pè Ladousè ak timoun yo chita sou plas la.

Toudabò ________________________.

Apre sa ________________________.

Finalman ________________________.

**3. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse:**
Ekri sa ou te pi renmen nan youn nan pyès teyat ou te wè nan klas la ?

# Leson 149 revizyon

**1. Desen an gen 2 moun. Dekri aparans kò timoun nan ak aparans kò granmoun nan.**



| Timoun | Granmoun |
|---|---|
| ______________________ | ______________________ |
| ______________________ | ______________________ |
| ______________________ | ______________________ |

**2. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**
Èske nou dwe annuiye yon moun ki andikape? Pou ki sa ?

# Leson 150 revizyon

## 1. Gade desen sa a byen.



A. Ekri aksyon ti fi a ap fè ?

B. Ekri askyon tòti a ap fè ?

**2. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse :**

Ki sa ou ta renmen fè pou ede moun ki gen ankikap yo ?



Liv sa a fèt epi li pibliye an kolaborasyon avèk Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) Gouvènman Ayisyen a, gras a yon èd ki soti nan ajans amerikèn U.S. Agency for International Development (USAID), nan kad Aktivite Rechèch Aplike Tout Timoun Ap Li – ToTAL, dapre kontra No. EHC-E-00-0004-00 pwogram èd USAID ki rele EdData II Technical and Managerial Assistance.

Jiyè 2014